

## RINGKESAN

*Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyaho pangaruh fatherless kana inténsitas komunikasi rumaja di Kota Bandung. Fenomena fatherless dina ieu panalungtikan ditingal tina dalapan diménsi pancén bapa, nyaéta economic provider, friend and playmate, caregiver, teacher and role models, monitor and disciplinary, protector, advocate, jeung resource. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta kuantitatif kalayan desain éksplanatif. Data dikumpulkeun ngaliwatan kuesioner anu disebarkeun ka 400 réspodén rumaja di Kota Bandung ngagunakeun téhnik simple random sampling. Téhnik analisis data ngagunakeun regresi linier berganda ngaliwatan aplikasi SPSS 27. Hasil uji t némbongkeun yén variabel fatherless miboga pangaruh positif sarta signifikan kana inténsitas komunikasi rumaja kalayan ajén  $t$  hitung  $15,062 > t$  tabel  $1,649$  sarta signifikansi  $0,000$ . Sacara simultan, uji  $F$  némbongkeun ajén  $226,869$  anu hartina sakumna diménsi pancén bapa mangaruhan sacara signifikan kana komunikasi budak. Diménsi resource (X8) méré kontribusi pangbadagna (13,4%), dituturkeun ku advocate (X7) saharga 12,8%. Ajén koéfisién déterminasi (R Square) némbongkeun yén variabel fatherless mangaruhan inténsitas komunikasi saloba 36,3%, sésana dipangaruhan ku faktor séjén di luar ieu panalungtikan.*

**Kecapi Konci:** *Fatherless, Inténsitas Komunikasi, Rumaja, Kota Bandung, Pancén Bapa.*